

MAKNA SIMBOLIS SAJRONE TRADHISI CLOROTAN ING DHUSUN BANJARSARI, DESA BARENG, KECAMATAN BARENG, JOMBANG

Ani Noviastruti, Dra. Sri Sulistiani, M.Pd
Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)
Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Surabaya
Noviastrutiani@gmail.com

Tradhisi kalebu warisan budaya saka para leluhur kang nduweni simbol-simbol lan nduweni makna, tujuan beda-beda. Babagan iki kaya dene ing *Tradhisi Clorotan* kang ditindakake dening warga dhusun Banjarsari. Underane panliten iki yaiku: (1) Kepriye mula bukane tradhisi? (2) Makna ubarampe apa kang ana ing tradhisi clorotan? (3) Apa wae paedahe? (4) Kepriye cara nglestarekake? (5) Kepriye pamawase masyarakat? Tujuan panliten iki ngandharake sakabehe underaning panliten. Panliten iki nggunakake tintingan folklor setengah lisan. Teori kang digunakake yaiku teori andharane Danandjaja kanggo ngudhari wujud tradhisi, pigunane kabudayan nggunakake teori Bascom, teori semiotik miturut Pierce, banjur ngenani resepsi saka masyarakat nggunakake teori saka Iser.

Analiten iki nggunakake ancangan kualitatif kanthi metodhe deskriptif. Metodhe lan teknik ngumpulake dhata ditindakake kanthi cara observasi, wawancara, dokumentasi lan kuesioner. Yen tatacarane ngolah lan nganalisis dhata yaiku nggunakake transkrip dhata, verifikasi dhata, identifikasi, kondifikasi, penafsiran lan ngandharake dhata adhedhasar undering panaliten lan menehi dudutan saka asiling panaliten.

Tradhisi Clorotan, ngasilake yaiku Mula bukane tradhisi, tatalakune tradhisi, ubarampe kang digunakake yaiku jajan clorot, pasung, jipang, krupuk, gedhang lan jajan pasar liyane. Sakabehing ubarampe nduweni makna tumrap masyarakat dhusun Banjarsari. Tradhisi Clorotan nduweni piguna yaiku sistem proyeksi, pangesahing pranata kabudayan, sarana panggulawenthah, piranti panentu norma masyarakat, nguwatake rasa pangrasa klompok masyarakat. Cara nglestarekake diperang dadi telu pamawas yaiku saka pamarentah, masyarakat dhusun Banjarsari lan bebrayan agung sanjabane dhaerah kasebut. Saka owah gingsire bakal diperang dadi loro yaiku tatalaku nalika nindakake lan ubarampe kang digunakake. Pamawas masyarakat kaperang dadi loro yaiku golongan masyarakat kang sarujuk lan ora sarujuk. Masyarakat kang sarujuk amarga kalebu warisan budaya leluhur, dedunga nyuwun keslametan lan rasa syukur marang Gusti. Masyarakat kang ora sarujuk nduweni alesan adhedhasar kapitayan ing agama Islam, tradhisi kagolong musyrik.

Kata kunci: Semiotik, Tradhisi Clorotan

PURWAKA

Lelandhesan Panliten

Saben dhaerah mesthi nduweni kabudayan kang maneka warna, anane maneka warna budaya kasebut disebabake akehe pulo-pulo kang ana ing Indonesia saka sadawane Sabang nganti Merauke. Budaya kang ana ing negara Indonesia kuwi nduweni maneka warna wujud.

Saka maneka warna iku bakal ndadekake anane *identitas, ciri, sikap lan perilaku*. Sakabehe kuwi kang ana ing masyarakat kudu diuri-uri supaya bisa diwarisake marang anak lan putu lan ora ilang kepangan jaman. Kabudayaan uga bisa tuwuh amarga *reaksi* marang alam utawa lingkungan lan sakiwa tengene. Miturut masyarakat Jawa kang isih percaya anane apa wae kang kalebu gaib lan isih percaya anane tradhisi, yen ora ditindakake bakal antuk ala, lan uga bisa dadi omongane wong. Mula saka kapercayan iku, masyarakat isih nguri-nguri kabudayan lan tradhisi kasebut. Kabudayan kuwi kalebu nduweni nilai kang dadi ciri khas saka saben dhaerah dadi lambange bangsa. Amarga kabudayan kalebu *anugrah* saka bangsa utawa daerah, mula kudu tetep dijaga bisa diarani kabudayan kalebu *aset* kang luwih penting kanggo masyarakat supaya tetep njaga lan nglestarekake.

(1) kabudayan nasional, katindakan sajroning kantor-kantor pamerintahan, sekolah, universitas, lan kagiyatan-kagiyatan upacara sing asifat nasional, (2) kabudayan dhaerah, minangka wujud saka manekawarna kagiyatan-kagiyatan panguripan saka para masyarakat suku bangsa sing pathokane saka pranata-pranata sosial sing sumbere ing kabudayan suku bangsa, (3) kabudayan lokal, minangka wujud saka masyarakat majemuk sing masyarakat luwih siji suku bangsa, saengga kagiyatan-kagiyatan kasebut pathokane saka pranata-pranata sosial kang sumbere saka kabudayan-kabudayan suku bangsa kang ana, sarta oleh pengaruh saka kabudayan nasional.

Sudikan (2001: 4) ngandharake kabudayan Indonesia dibagi dadi telung golongan, antarane yaiku:

Tradisi kalebu warisan leluhur kang isih dilakoni ing jaman biyen lan nganti saiki lan kalebu ing bageyan saka panguripane masyarakat, kang biyasae saka negara, kabudayan, wektu utawa agama kang padha. Tradhisi iku ana saka anane informasi kang diterusne saka generasi ning generasi, saka tulis utawa lesan, amarga yen ora ana informasi utawa komunikasi, tradhisi bakal ilang. Mula saka kuwi masyarakat kudu nglestarekake tradhisi saben-saben dhaerah dhewe-dhewe. Kaya kang bakal diteliti yaiku TC, tradhisi kang nganti saiki isih diuri-uri dening masyarakat dusun Banjarsari, uga kalebu tradhisi kang beda, amarga ora ana desa liya kang nduweni tradhisi kasebut.

TC iki kalebu kabudayan *lokal* kang isih dilestarekake dening masyarakat, senajan ana owahane amarga anane globalisasi lan pengaruh jaman, nanging tradhisi iki isih ana lan ora ngilangi makna sarta fungsi tumrap masyarakat khususipun ing dusun Banjarsari. Kabudayan lan tradhisi iki uga isih dilestarekake amarga masyarakat dhusun Banjarsari iki percaya karo anane mitos lan wis dadi kabiasaan, katindakake kanthi turun temurun wiwit biyen nganti saiki.

Tradhisi ditindakake setaun pisan, malem jum'at legi nalika wayah rendheng, ing musim tanem kanggo *nangkal* kilat, ditindakake dening warga dhusun Banjarsari arupa upacara slametan kang ditumindakake ing petilasane Mbah Kudus yaiku sesepuh kang babat alas dhusun Banjarsari. Saka ubarampe kang disaratna (kang paling utama) yaiku jajan clorot, jajan pasung lan brondong jagung (jajan jipang) lan uga krupuk. Saben ubarampe iku nduweni makna dhewe-dhewe lan nduweni sesambungan antarane *nangkal* kilat. Saliyane iku ing tradhisi iki uga ana tata laku, ubarampe kang kudu ana lan dilakoni. Ing tradhisi iki masyarakat akeh kang nyengkuyung, amarga miturute tradhisi iki kalebu tradhisi kang kudu tetep dijaga lan dilestarekake amarga warisan saka para leluhur, uga kalebu bentuk rasa syukur marang Gusti Kang Maha Kuwasa.

Panliten iki kalebu nganggo teori Foklor, amarga kalebu Tradisi utawa upacara. Foklor setengah lisan tegese foklor kang awujud campuran antarane unsur lisan lan ora lisan. Foklor setengah lisan iki kayata kapitayan, tahayul, upacara-upacara lan sapiturute.

Underane Panliten

Adhedhasar saka andharan ing nduwur bisa didudut Underaning kang kaya mangkene, yaiku:

- (1) Kepriye mula bukane Tradhisi Clorotan?
- (2) Apa wae jinis ubarampe lan uga maknane kang ana ing Tradhisi Clorotan ing dhusun Banjarsari, desa Bareng, kecamatan Bareng, Jombang?
- (3) Apa wae paedhahe tradhisi Clorotan iki kanggo masyarakat dhusun Banjarsari, desa Bareng, kecamatan Bareng, Jombang?
- (4) Kepriye cara nglestarekake tradhisi Clorotan tumrap masyarakat dhusun Banjarsari?
- (5) Kepriye pamawase masyarakat dhusun Banjarsari ngenani Tradhisi Clorotan?

Tujuwan Panliten

Adhedhasar underaning panliten ing ndhuwur, nuwuhake tujuwan saka panliten. Tujuwan panliten iki bakal diperang dadi loro yaiku tujuwan umum lan tujuwan khusus. Saka perangan kasebut bakal dijilentrehake kaya ing ngisor iki.

Tujuwan umum

Panliten iki kanggo menehi gegambaran anane TC ing dhusun Banjarsari, desa Bareng, kecamatan Bareng, Jombang kanggo invetarisasi lan golek lan ndudhah nile-nile budaya lan ngrembakake ilmu foklor sing dadi kabudayan jawa.

Tujuwan khusus

- (1) Ngandharake ngenani mula bukane Tradhisi Clorotan
- (2) Ngandharake jinis ubarampe lan uga maknane kang ana ing Tradhisi Clorotan ing dhusun Banjarsari, desa Bareng, kecamatan Bareng, Jombang.
- (3) Ngandharake paedhahe Tradhisi Clorotan iki kanggo masyarakat dhusun Banjarsari, desa Bareng, kecamatan Bareng, Jombang.
- (4) Ngandharake ngenani cara nglestarekake Tradhisi Clorotan tumrap masyarakat dhusun Banjarsari.
- (5) Ngandharake pamawase masyarakat dhusun Banjarsari ngenani Tradhisi Clorotan.

Paedahe Panliten

Asile panliten ngenani TC ing dhusun Banjarsari, desa Bareng, kecamatan Bareng, Jombang iki nduweni paedah, yaiku:

- (1) Nambahi kawruh ngenani budaya utamane Tradhisi Clorotan ing dhusun Banjarsari, desa Bareng, kecamatan Bareng, Jombang
- (2) Nambahi kawruh ngenani makna lan wujud ubarampe sajroning Tradhisi Clorotan ing dhusun Banjarsari, desa Bareng, kecamatan Bareng, Jombang
- (3) Nglestarekake kabudayan Jawa saka warisan leluhur Tradhisi Clorotan ing dhusun Banjarsari, desa Bareng, kecamatan Bareng, Jombang
- (4) Menehi sumbangan referensi kanggo masyarakat umum ngenani Tradhisi Clorotan ing dhusun Banjarsari, desa Bareng, kecamatan Bareng, Jombang

Wewatesan Panliten

Tujuwan saka anane wewatesan panliten iki supaya ora uwal lan trep saka konsep kang wis karonce. Wewatesan prakara iki yaiku ngrembug babagan ngenani mula bukane tradhisi, makna saka tata lakune, ubarampe apa wae kang dibutuhake lan nduweni makna apa wae, paedhahe TC ditindakake, lan kepriye cara masyarakat nglestarekake TC ing dhusun Banjarsari, desa Bareng, kecamatan Bareng, Jombang.

Wewatesaning Istilah

- (1) Tradhisi :Perangan saka kabudayan kang anggone nglaksanakake wiwit biyen nganti saiki kanthi cara

- turun-temurun saka generasi menyang generasi sabanjure kanthi cara tinulis utawa lisan.
- (2) Clorotan : Nduweni teges clorot, kayadene kilat, yaiku saben udan gedhe mesti dibarengi anane kilat, gludhug. Syarat supaya bisa adoh saka anane bebaya antarane kilat, gludug yaiku anane jajan clorot, pasung lan brondong utawa jipang.
- (3) Dhusun Banjarsari : Dhusun kang manggon ana ing desa Bareng, kecamatan Bareng kang isih kalebu ing kabupaten Jombang sisih kidul.
- (4) Folklor : Saperangan kabudayan kolektif kang diwarisake turun-temurun kanthi cara tradhisional ing versi kang beda ing wujud lesan biyasane diwenahi piranti pangeling-eling.
- (5) Folklor setengah lisan : Folklor kang awujud campuran antarane unsur lisan lan ora lisan, tuladha kayata kapercayan, dolanan rakyat, tarian rakyat, adat istiadat, upacara, tradhisi, pesta rakyat.

TINTINGAN KAPUSTAKAN Masyarakat lan Kabudayan Jawa

Tembung masyarakat asale saka basa Arab yaiku *syaraka* kang ateges melu cawe-cawe, yen miturut basa Latin *society* kang nduweni teges batur. Bisa diandharke yen masyarakat yaiku sawenehing manungsa minangka sawijining golongan sing gegayutan kang tetep lan nduweni kapentingan sing padha.

Masyarakat bakal nuwuhake anane Kabudayan kang dadi ciri khas saben dhaerah. Kabudayan ora mung ana siji, nanging kabudayan iku maneka warna. Kabudayan ditemtokake ing sajrone masyarakat ing ngendi wae, amarga kabudayan diripta dening masyarakat, mula ditindakake kanthi norma-norma tertamtu sajrone masyarakat iku dhewe.

Kabudayan nduweni wujud kang diperang dadi telu, kaya dene andharan saka Koentjaraningrat (1987:5) yaiku (1) Wujud kabudayan minangka sawijining kompleks saka ide-ide, gagasan, nilai-nilai, norma-norma, peraturan lan sapanunggalane, (2) Wujud kabudayan minangka sawijining kompleks kagiyatan kang sumbere saka manungsa sajrone masyarakat, lan (3) Wujud kabudayan minangka barang-barang kang diasilake dening manungsa. Wujud kapisan yaiku minangka wujud kabudayan kang ngatur, ngendhalekake lan menehi arah tumrap solah bawane manungsa urip bebrayan. Kabudayan ideal bisa kasebut minangka adat tata lakune utawa adat istiadat. Adat iki kaimpun saka anane lapisan-lapisan kang paling abstrak lan amba nganti kang paling nyata lan winates. Kapindho

yaiku asring sinebut sistem sosial. Sistem sosial iki minangka wujud timndake manungsa sajrone sesambungan karo wong liya lan lingkungane tansah nganut pola-pola tartamtu kanthi adhedhasar adat tata lakune masyarakat Jawa. Pola-pola tartamtu sing kedadeyan sajrone pergaulan masyarakat Jawa. Adhedhasar adat tata lakuning bebrayan yaiku kang kapisan yaiku wong Jawa kudu ngormati wong kang luwih tuwa, kang kapindho yaiku ora oleh ngucapake bab kang sing sipati nyinggung ati utawa *tabu* kayata ngucapake perangan kelamin ing umum, banjur wong Jawa yen mertamu kudu kulanuwun, kang pungkasan yaiku wong Jawa yen nampa sawijining barang kudu nggunakake tangan tengen. Saka wujud-wujud iku bisa dadi piwulang yen wong Jawa nduweni tata trapsila kang api.

Folklor

Folklor ing tradhisi mesthi nduweni makna lan fungsi kang maneka warna gumantung ing ngendi folklor kasebut ngrembaka. Konsep makna lan fungsi tumrap folklor digunakake kanggo ngerteni kepriye makna lan fungsi sawijining folklor kang ngrembaka ing masyarakat.

Makna Folklor

Folklor miturut *etimologis*, asale saka basa manca *folklore* kang dumadi saka rong tembung, yaiku *folk* lan *lore*. Tembung *folk* ateges saperangan manungsa kang nduweni pratandha fisik, sosial lan kabudayan, mula bisa dibedakake antarane perangan siji lan sijine. Tembung *lore* nduweni teges tradhisi folk, yaiku saperangan kabudayan kang diwarisake kanthi cara turun temurun kanthi sarana lesan utawa tulisan. Saka andharan mau bisa didudut yen folklor yaiku saperangan kabudayan kolektif kang sumebar lan diwarisake turun-temurun kanthi cara lesan lan gerak isyarat utawa nganggo pisanti pangeling-eling (Danandjaja, 1994:1-2).

Wujud Folklor

Wujud folklor miturut Danandjaja (1984: 21) diperang dadi telu yaiku: (1) folklor lisan yaiku folklor kang wujud nyata lisan (*menifact*), (2) folklor setengah lisan yaiku wujud saka campuran antarane unsur lisan lan unsure non lisan (*sosiofact*), (3) folklor non lisan yaiku folklor kang wujud dudu lisan nanging cara nggawene diwulang kanthi cara lisan (*artifact*). Folklor lisan utawa (*menifact*) yaiku kayata, (1) basa rakyat kayadene logat, padanan, pangkat, tradhisional lan title kebangsawanan, (2) ungkapan tradhisional, (3) pitakonan kang tradhisional kayadene cangkriman, (4) geguritan tradhisional kaya parikan lan syair, (5) crita prosa rakyat kayata mite, legenda lan dongeng, (6) nyanyian rakyat. Kang kalebu folklor setengah lisan yaiku keyakinan masyarakat, dolanan, drama rakyat, tarian rakyat, upacara, pesta rakyat lan sapanunggalane. Dene folklor dudu lisan diperang dadi loro yaiku (1) awujud material kayadene arsitektur rakyat, kerajinan tangan rakyat, busana, panganan lan minuman rakyat, lan jamu, (2) awujud dudu material kaya gerak isyarat tradhisional,

swara isyarat kanggo komunikasi tumrap rakyat lan musik tradhisional.

Konsep Tradhisi lan Adat Istiadat

Tradisi minangka asil cipta lan karya manungsa kang awujud objek material, kapercayan, khayalan, kedadean utawa lembaga kang wis diwarisake dening generasi tumuju generasi sawise.

Tradhisi minangka piranti kang ana kanggo nglayani bebrayan lan bisa ngrewangi lancare ngrembakane pribadi saben wong. Saka andharan kasebut bisa didudut yen tradhisi yaiku budaya kang diwarisake saka leluhur ing sajrone bebrayan kang asipat amba lan ngrembaka.

Sistem Kepercayaan lan Agamane Wong Jawa

Miturut Herususanto (2008: 42) religi asal tembung saka basa latin *religio* kang ateges nalen. Maksud yaiku manungsa kang gumantung lan nduweni gegayutan marang Gustine, amarga Gusti minangka kaslametan sejati sajroning manungsa.

Miturut Koentjaraningrat, (1990:25) ngadharake yen sistem upacara tradhisi diperang dadi patang kelompok, kang kapisan yaiku panggonan kanggo tata upacara, kang keloro yaiku wayah upacara yaiku nalika sasi kang wis ditemtokake saben taun, banjur piranti sing digawe dening upacara kaya dene piranti sajrone upacara religi lan kang pungkasan yaiku warga kang mengeti lan mimpin upacara yaiku wong kang dianggep sesepuh desa lan sing mangerteni tata cara lan tata lakune upacara.

Konsep Semiotik

Makna kang gegayutan karo filsafat Jawa akeh kang sumirat sajrone upacara tradhisi lan adat kang dilakoni dening masyarakat Jawa. Saka Tata lakune, unen-unen, uba rampe utawa sesajen kang ana sajrone upacara tradhisi lan adat kasebut ngemu makna filosofis kanggo panguripane bebrayan Jawa.

Semiotik minangka ilmu kang ngandharake babagan simbol lan pratandha. Semiotik, minangka asal tembung saka basa Yunani yaiku *semion* (prathanda) kang tegese ilmu kang nyinaoni sistem pratandha lan prambang, sistem lambang lan proses pengembangan.

Teori Semiotik miturut Pierce (sajrone Luxemburg, 1992:46) kang njlentrehake yen tandha iku dhewe, bab kang ditandhani lan sawijine tandha anyar kang dumadi ing batine sing nampa. Dene kanggo mahami simbol-simbol kang ana sajrone tradhisi iku nggunakake langkah-langkah tahapan kayata: 1) penghayatan marang simbol-simbol panemu ngenani pamikiran saka simbol-simbol, 2) menehi makna marang simbol lan ngonceki teges kang bener ngenani makna, 3) tumindak kang filosofis yaiku ngecakake olah pamikir kanthi nggunakake simbol minangka panggon wiwitane.

Konsep Fungsi

Fungsi minangka salah sawijining paedah ing babagan tartamtu kanggo meruhi salah sawijiing kaperluan.

Bascom (sajroning Danandjaja, 1984:19), kang ngandharake fungsi folklor tumrap bebrayan

panyengkuyunge, yaiku: 1) minangka sistem proyeksi, yaiku minangka piranti kacabenggala sawijining *kolektif*, 2) minangka piranti pengesahn pranata-pranata lan lembaga-lembaga kabudayan, 3) minangka sarana panggulawentah, lan 4) minangka piranti pameksa lan pangawas supaya nomra-norma masyarakat tansah dicakake dening anggone *kolektif*.

Konsep Resepsi Masyarakat

Resepsi utawa pamawase masyarakat ngenani TC diandharake minangka gegambaran saka masyarakat ing dhusun Banjarsari kang uga kalebu minangka masyarakat Jawa. Kanggo ngerteni pamawase masyarakat ngenani TC, digunakake teori Iser (sajrone Endraswara, 2008:120-121) kang ngandharake yen sawijing objek minangka tampilan kang nyata lan ana sesambungan karo pamaose. Teori kasebut njlentrehake apa kang ditindakake masyarakat lan apa wewatesan masyarakat minangka kang menehi makna. Saka pamawase masyarakat, bisa diweruhi kepriye panampane masyarakat marang TC. Panemune masyarakat bisa nampa lan nrima sarta ngugemi tradhisi kasebut, bisa uga nulak lan kabotan anane tradhisi kasebut.

Lelandhesaning teori

Teori folklor sajroning TC kalebu ing folklor sebagian lisan kang wis dipercaya dening masyarakat jalaran nduweni wigati tumrap masyarakat panyengkuyunge kang wis dilakoni kanthi turun-temurun, lan kanggo panggulawentah marang anak putune. Folklor setengah lisan miturut Danandjaja (1994:21) yaiku wujud saka campuran antarane nulis lisan lan unsure non lisan, kayata kapitayane rakyat, dolanane rakyat, teater rakyat, tari rakyat, adat istiadat, upacara, pesta rakyat lan sapanunggalane. Amarga tradhisi clorotan iki kalebu upacara mula kalebu ing folklor sebagian lisan.

Kang kapindha yaiku teori kang digunakake yaiku teori Semiotik, makna kang kinandhut sajroning TC nggunakake teori semiotik dening Pierce (sajrone Luxemburg, 1992:46) kang njlentrehake yen tandha iku dhewe, bab kang ditandhani lan sawijine tandha anyar kang dumadi ing batine sing nampa.

Kang ketelu yaiku ngenani fungsi nggunakake teori Bascom (sajroning Danandjaja, 1984:19), kang ngandharake fungsi folklor tumrap bebrayan panyengkuyunge, yaiku: 1) minangka sistem proyeksi, yaiku minangka piranti kacabenggala sawijining *kolektif*, 3) minangka sarana panggulawentah, lan 4) minangka piranti pameksa lan pangawas supaya nomra-norma masyarakat tansah dicakake dening anggone *kolektif*.

Kapapat yaiku resepsi masyarakat, kanggo ngonceki pamawase masyarakat Jawa ngenani anane TC. Teori kang digunakake yaiku saka teori kang digunakake Iser (sajrone Endraswara, 2008:120-121), yaiku ngonceki lan ngandharake apa wae kang ditindakake objek marang masyarakat objek, apa kang ditindakake objek marang masyarakat lan apa wewatesane masyarakat minangka peranan kang menehi makna.

Paedah kang bisa kapethik saka panliten iki yaiku panliti bisa mangerteni wujud makna ubarampe,

lan tatalakukune TC dhusun Banjarsari, desa Bareng, kecamatan Bareng, kabupaten Jombang. Saben wujud, makna lan ubarampe nduweni sesambungan karo urip bebrayan kang ditindakake dening masyarakat dhusun Banjarsari. Mula ubarampene ing sajrone TC iku kudu ana lan jangkep.

METODE PANLITEN

Rancangan Panliten

Metode kang digunakake ing panliten iki yaiku metode deskriptif kanthi *pendekatan* kualitatif. Metode deskriptif nduweni tujuwan kanggo nggawe gambaran sawijining kahanan kanthi objektif. Miturut Denzin lan Lincoln (sajrone Moleong, 2009:5) ngandharake yen Panliten kualitatif yaiku panliten kang nggunakake latar alamiah, kanthi maksud kanggo nafsirake prastawa kang dumadi lan dilakoni kanthi cara nggunakake sawarnane metodhe kang ana.

Objek lan Papan Panliten

Objek kang bakal diteliti ning kene yaiku TC ing dhusun Banjarsari. Tradhisi iki kalebu tradhisi warisan leluhur kang isih ngrembaka, urip lan isih ditindakake dening masyarakat dhusun Banjarsari, wiwit biyen nganti saiki. Papan kanggo panliten iki yaiku ana ing dhusun Banjarsari, desa Bareng, kecamatan Bareng, Jombang.

Sumber data lan data panliten

Sajroning panliten iki perlu anane sumber data lan data. Sumber data lan data panliten minangka bab kang wigati tumrap panliten.

Sumber Dhata

Sumber data yaiku subjek utawa sumber data kang dijupuk saka ngendi wae. Miturut Endraswara (2006:119) sumber data kang paling utama sajrone panliten kualitatif iku arupa tumindak lan tetembungan. Salah sawijining yaiku arupa wawancara lan dokumentasi saka *informan*.

Dhata Panliten

Dhata yaiku katrangan utawa bahan nyata sing bisa didadekake dhasar kajian. Panliten ngenani TC datane arupa data lisan. Data lisan arupa informasi lisan saka informan yaiku saka wawancara lan rekaman lan uga ana data kang awujud dokumentasi utawa foto.

Metode lan Teknik Nglumpukake Data Observasi

Miturut Sudikan (2001:112) teknik observasi yaiku ndeleng utawa ngliti kanthi cara langsung kadadeyan-kadadeyan kang ana ing lapangan. Observasi mujudake sawijining cara ngumpulake data kanthi nganakake *pengamatan* objek kang diteliti kanthi cara langsung utawa ora langsung.

Wawancara

Miturut Lincoln lan Guba (Moleong, 2009:186). Wawancara yaiku pacelathon kanthi maksud tartamtu

Wawancara ditindakake kanggo nambah sarta njangkepi data kanthi cara ngorek saakeh-akehe informasi saka informan.

Dokumentasi

Dokumentasi nduweni wigati sajroning panliten, amarga migunani kanggo ngasilake panliten kang *valid*. Saliyane iku, dokumentasi uga banget migunani kanggo ngabadhekake sakabehing kedadean. Bab kasebut dimaksudake kanggo njagani menawa ana curese tradhisi iki, dadi isih ana dokumen sing bisa dideleng ing tembe mburi lan generasi sateruse isih bisa ngrasakake arsip kasebut.

Kuesioner

Angket yaiku piranti kanggo ngumpulake dhata kang wujud daftar pitakonan kanggo responden supaya dijawab kanthi tinulis. Jinise angket ana loro, yaiku:

1) Angket langsung lan ora langsung

Angket langsung yaiku jinis angket kang dikirim langsung marang pawongan kang bakal dijaluki panemune ngenani kahanan sawijining bab.

2) Angket binuka lan tinutup

Angket binuka yaiku jinis angket kang pitakonane mbutuhake jawaban bebas saka responden. Dene angket tinutup yaiku jinis angket kang jawaban-jawaban arupa jawaban cekak lan wis diiapake dening panliti.

Panliten iki nggunakake wujud angket binuka, amarga jinis angket binuka bisa ngasilake panemu-panemu kang asli saka informan lan bisa menehi jawaban saka tanggepan masyarakat.

Tata Carane Analisis Data

Analisis data yaiku proses nggolongake lan ngurutake data sajroning pola, kategori lan satuan uraian dhasar saengga bisa ditemokake tema, lan bisa dirumusake hipotesis kerja kaya sing disaranake dening data (Moleong, 2001: 103). Panliten *kualitatif* mujudake panliten lapangan kang dilakoni wiwit golek data nganti purnaning panliten kasebut. Ing sajrone nganalisis data panliten kasebut bisa kaperang dadi telu, yaiku 1) *open coding*, dikarepake ing sajrone panliten ngupaya nggolek data kang rowa babagan panliten kang diteliti, 2) *acial coding*, sajrone panliten merang-merangake data miturut kategori kang wis ditemtokake, lan 3) *selective coding*, yaiku bakal ditintangi data ing kategori inti banjur digayutake klawan kategori liyane supaya mujudake sawijining dudutan (Sudikan, 2001: 8).

ANDHARAN ASILE PANLITEN

Gegambaran Bebrayan Dhusun Banjarsari

Dhusun Banjarsari kalebu ing desa lan kecamatan Bareng, kabupaten Jombang minangka papan kanggo mengeti upacara TC. TC kang dipengeti ing mangsa tanem, wayah rendheng kang dianakake supaya masyarakat kang ana ing dhusun Banjarsari, ora ngalami bebaya apa-apa. Para panindak upacara TC iki yaiku para warga dhusun Banjarsari dipimpin dening para sesepuh.

Kahanan Alam Dhusun Banjarsari

Dhusun Banjarsari minangka salah sawijine dhusun kang ana ing desa Bareng. Papan dumununge awujud dalan kang wis aspal nanging akeh kang wis rusak. Papan dhusun Banjarsari uga ana ing njero, dadi sadurunge menyang dhusun Banjarsari kudu mlebu gang yaiku ngliwati desa Bareng, banjur ketemu jembatan lan uga sawah dhisik banjur ketemu dhusun Banjarsari. Transportasi umum kayadene mikrolet, ora ana kang metu ngliwati desa Bareng. Dhusun Banjarsari kalebu dhusun kang cilik nanging masyarakatake akeh, nanging kalebu dhusun kang ana ing tengah-tengah sawah lan kali, uga adoh saka kutha.

Kahanane Pendhudhuk

Banjarsari minangka salah sawijining dhusun ing desa Bareng. Cacahe pendhudhuk ing dhusun Banjarsari iki ana 2999 jinis kang kasusun saka 1437 jinis pendhudhuk kanthi jinis kelamin lanang lan 1562 jinis adhedhasar kelamin wadon. Cacahe KK (kepala keluarga) 320. Ssakabehe pendhudhuk dhusun Banjarsari asli warga Indonesia.

Agama Masyarakat Dhusun Banjarsari

Agama minangka cekelaning urip manungsa sajroning nglakoni urip ing dunya. Papan dununge agama manggon ing ati lan kapercayane dhewe-dhewe, mula saka kuwi ora ana lan uga ora oleh agama kuwi lumantar saka pameksane wong liya. Semono uga kahanane agama ing dhusun Banjarsari, kang 100% masyarakate nganut agama Islam.

Pangupajiwa Masyarakat Dhusun Banjarsari

Pakaryan minangka sawijining bab kang wigati tumrape manungsa kanggo nyukupi kabutuhaning urip saben dinane. Pakaryaning pendhudhuk maneka werna cacahe amarga pangaribawane kahananing alam. Kahanan saka dhusun Banjarsari yaiku kalebu dhusun kang lemahe subur dianggo nenandur mula ndadekake masyarakat akeh kang dadi tani utawa buruh tani.

Pendhidhikan Masyarakat Dhusun Banjarsari

Pendhidhikan kalebu sawijining faktor sosial kang bisa menehi daya pangaribawa tumrap pangrembakaning dhaerah. Saka anane pendhidhikan, pawongan bisa oleh kawruh, ketrampilan lan pengalaman. Pendhidhikan ing dhusun Banjarsari wis katon maju tinimbang jaman biyen amarga akeh wong tuwa kang nyekolahake anak-anake. Gedhung sekolah kayata TK ana siji, gedhung SD ana siji, gedhung TPQ (Taman pendhidhikan Al-Qur'an) ana siji. Anane sarana kasebut, kaajab ningakatake kasile kagiyatan babagan pendhidhikan.

Basa Masyarakat Dhusun Banjarsari

Basa minangka salah sawijining sarana kang paling wigati kanggo komunikasi lan sesambungan karo wong liya. Masyarakat dhusun Banjarsari nggunakake rong basa kanggo komunikasi marang wong liya saben dinane. Basa kang digunakake yaiku basa Jawa lan basa Indonesia. Senadyan mangkono luwih akeh nganggo basa Jawane amarga saka wilayahe kang isih ing desa lan ora

ana campuran-campurane wong saka kutha kang biyasane nganggo basa Indonesia.

Gegayutan Gegambaran Dhusun Banjarsari karo Tradhisi Clorotan

Gegambaran dhusun Banjarsari sejatine nduweni gegayutan kang raket karo TC. Bab-bab kang wis diandharake mau nduweni daya pangaribawa tumrap kahanan tradhisi kasebut ing wektu saiki nganti wektu sabanjure. Gegambaran alam ing sajrone Dhusun Banjarsari uga nduweni gegayutan karo kahanan TC.

Kahanan bebrayan yen ditindingi kanthi cetha nduweni daya pangaribawa tumrap TC kang akeh banget. Ing babagan pamong desa khusus Bayan nduweni pangaribawa, mligine ngrembakake pamikiran tumrap TC supaya tetep lestari

Bab pendhudhuk ing dhusun nuduhake kahanan dhusun kang isih ngugemi anane tradhisi. Bukti bisa disawang saka akehe tradhisi kang isih dijaga lan ditindakake kayadene slametan tiron, piton-piton, tingkeban lan liya-liyane.

Bab ngenani agama lan sistem religi ing dhusun Banjarsari nduweni gegayutan kang raket karo lumakune kebudayaan Jawa. Agama Islam kang dadi agama utama kang ndadekake masyarakat nduweni pamikiran kang padha tumrape Kabudayan.

Wujud pangupajiwa sajrone dhusun Banjarsari nduweni gegayutan karo panguripane tradhisi. Pakaryan masyarakat kayadene guru, tani, buruh lan liya-liyane nduweni pangarep-arep kang gedhe kanggo nguri-uri kabudayan Jawa.

Babagan pendhidhikan sajrone pangrebaking tradhisi uga nduweni daya pangaribawa. Ing sawijining bab bisa ndadekake tradhisi kasebut tansah ngrembaka amarga pamikiring para mudha-mudhi kang tansah ngrembaka.

Bab kang pungkasan yaiku bab ngenani basa. Basa kalebu piranti kanggo komunikasi utawa cecaturan, nduweni daya pangaribawa kang wigati. Saben tradhisi mesti nggunakake basa, kayadene TC.

Mula Bukane Tradhisi Clorotan

TC kalebu tradhisi kang dianakake saben setaun pisan, kanthi tujuan kanggo keslametan kanthi cara nangkal kilat, supaya warga dhusun Banjarsari bisa slamet anggone nandur tanduran, mligine nandur pari ing sawah ing mangsa udan. Tradhisi iki kalebu tradhisi kang diturunake dening nenek moyang kang nduweni kapitayan marang bab kang nduweni sipat mistis. Nganti saiki adicara iki isih ditindakake, amarga miturute warga

kalebu warisan kang kudu dilestarekake lan aja nganti diilangi amarga kalebu kramat.

Tata Lakune Tradhisi Clorotan

Tahap Persiapan Tradhisi Clorotan

Persiapan ing kene yaiku nyiapake bab apa wae kang digunakake sajrone TC. Yaiku wiwit saka musyawarah kanggo ngandhani masyarakat nyiapake piranti-piranti lan ubarampe kang kudu ana, senadyan masyarakat ora perlu anane musyawarah kanggo netepake dina, nanging masyarakat uga perlu musyawarah kanggo persiapan ubarampe lan ngesiki makam.

Panindhake Tradhisi Clorotan

Adicara iki kalebu adicara inti kang minangka dadi punjere saka sawijining adicara. Ing TC kang dadi punjere yaiku anggone slametan ing makam Mbah Kudus. Udakara tabuh 10.00 WIB, kenthongan dithuthuk, mertandakna para warga kudu mara menyang makam lan nggawa ambenge yaiku jajanan kang wis disaratne. Kabeh berkat utawa ambeng jajan duweke warga kang digawa saka omah banjur digawa ing makam. Sabubare warga wis nglumpuk banjur slametan bisa diwiwiti kanthi adicara sambutan Pak Kepala Dhusun dibacutake donga dening Kyai.

Pungkasane acara

Adicara panutup ditandhani kanthi anane nyekar ing makame Mbah Kudus lan uga makame kaluwarga kang wis tilar dunya. Sakwise barikan utawa slametan, warga isih ana ing panggonan kanggo tahlilan, dedunga kanggo sesepuh kang babat alas dhusun Banjarsari yaiku Mbah Kudus lan uga kaluwarga kang wis tilar dunya dimakamake ing sakiwa tengene makam Mbah Kudus. Saben warga nggawa sekar kanggo diseleh ing makam Mbah Kudus lan uga ing saben makam kang kalebu kaluwargane.

Ubarampe lan Maknane saka Tradhisi Clorotan ing Dhusun Banjarsari

Ubarampe ing Tradhisi Clorotan

Ubarampe lan sajen salahsawijine wacana simbol kang digunakake minangka sarana kanggo *negoisasi* spiritual marang bangsa ghaib. Sajen digunakake minangka ijin kanthi tujuwan supaya bangsa ghaib kang manggon ana ing makam ora bakal ngganggu ing wayah tradhisi kasebut ditindakake. Sakabehe ubarampe kang digawe ing adicara TC nduweni makna lan tujuwan kang beda-beda wiwit jaman biyen nganti

saiki ubarampe kang digunakake ing adicara TC ora malih.

Wujud saka ubarampe sajen yaiku kembang wangi lan gedhang raja. Banjur ubarampe kang digawa dening warga yaiku jajanan (Clorot, pasung lan jipang utawa brondong) liyane uga ditambahi, kayata mendut, brubi, krupuk lan liya-liyane. Kabeh kuwi jajanan bahane saka glepung beras.

Makna Ubarampe ing Tradhisi Clorotan

Wujud ubarampe kang digunakake ing TC maneka warna. Sakabehe ubarampe digunakake lan gampang ditemokake ing pasar-pasar tradhisional. Ubarampe digunakake kanggo syarat kanggo nindakake adicara TC kang wis ana lan ditemtokake wiwit biyen.

Sajen

Sajen utawa sesajen ing adicara Jawa biasa diarani ubarampe. Sajen iki digawe kanthi isi lan kekarepan kang maneka warna. Sajen kasebut diseleh ing sacedhake papan kang karepake kayata ing ngarep utawa lawang makam, ing panggonan keranda lan ing sisihe makame Mbah Kudus. Wujud isine uga maneka warna yaiku gedhang salirang, kembang wangi lan kemenyan, kembang wangi iki kaya dene kembang kanggo nyekar ning diseleh ing wadhah godhong, wadhah kaya wadhah bubur.

Clorot

Miturut kamus clorot nduweni teges yaiku lakune sorot banter utawa cepet banget. Saka tegese kuwi bisa dideleng yen bab kang lakune sorot banter utawa cepet banget iku kayadene kilat. Amarga ing Jawa anane jajan kang diarani jajan clorot mula piranti utawa simbol kang digunakake ing TC yaiku jajan Clorot.

Pasung

Jajan pasung uga syarat khas ana ing TC, uga kalebu syarat kang kudu ana. Miturut kamus, Pasung minangka arane panganan. Pasung miturut warga bisa ditegesna simbole gludhug. Bahan kang digawe padha kaya jajan clorot, nanging kang mbedakna yaiku yen clorot dibungkus nganggo godhong janur, yen pasung dibungkus nganggo godhong nangka utawa godhong gedhang. Pasung bisa diarani kaya dene granat.

Jipang

Jajan jipang uga kalebu jajan kang didadekake syarat ana ing adicara TC. Jipang miturut kamus nduweni teges arane panganan, bahane brondong beras lan gula. Miturute warga jajan jipang nduweni simbol anane guruh, kang biyasae ndhisiki sadurunge bledheg. Jajan iki uga nduweni makna supaya masyarakat dhusun Banjarsari tetep diwenehi keslametan, ora ana bebaya apa wae kang bisa nggawe cilakane manungsa.

Krupuk

Krupuk iki uga kalebu syarat kang paling utama ing adicara TC. Krupuk nduweni makna anane angin utawa lindhu. Angin kalebu bebaya kang biyasae ana saben arep udan.

Gedhang Raja

Gedhang raja minangka gedhang kang nduweni makna yaiku *kekasilan*. Gedhang raja nggambarake tujuwan urip lan cita-cita kang migunani kanggo masyarakat kang ana ing dhusun Banjarsari. Anane gedhang raja kalebu gegambaran kepriye anggane bebrayan agung ing dhusun Banjarsari nggayuh kekarepan kang apik lan bisa kawujud.

Nagasari

Jajan Nagasari biyasane ing dhusun Banjarsari diarani brubi, jajanan teles iki biyasae ana ing pasar-pasar, mula diarani jajan pasar. Jajan iki uga biyasane ana ing adhicara manten, lamaran, syukuran lan uga acara-acara liyane kayata ing TC.

Lemper

Lemper uga kalebu jajanan pasar kang wis dikenal. Saben pasar mesthi ana jajan iki, kadhang kala ing acara-acara tradhisi, manten, lamaran lan liya-liyane uga akeh kang nggawe jajan lempur. Panganan kang adhedhasar saka tepung beras ketan, kang biyasae miturut wong-wong kang sepuh yen digawe ing acara manten utawa lamaran yaiku nduweni makna ben kelet.

Thiwul

Kalebu jajanan pasar kang bahane saka gaplek utawa tela kang wis digaringake, kang didepok banjur didang kanthi tambahan gula abang. Thiwul nduweni ciri khas yaiku wernane kang coklat.

Gathot

Gathot kalebu jajan pasar kang asring digawe dening masyarakat, mligine ing desa Bareng ing jaman biyen. Nanging amarga saiki wis akeh banget panganan lan akeh-akehe masyarakat masak sega, dadi jarang ana kang nggawe.

Jadah

Panganan khas kang ana ing jawa, kalebu panganan kang wis misuwur ing kalangan masyarakat jawa kayata jajan Jadah. Ing dhaerah Jombang jadah diarani tetel. Panganan iki nggawene rada suwe, lan wujud wernane kang putih memplak.

Paedah kang Kinandhut Sajroning Tradhisi Clorotan

Minangka Sistem Proyeksi

Sistem proyeksi yaiku minangka sarana kacabengkala angen-angen kolektif. TC minangka piranti kanggo ngandharake kaya apa sejatine kang dikarepake lan diangen-angen dening masyarakat dhusun Banjarsari.

Minangka Pengesahing Pranata Kabudayan

Paedah TC uga minangka pengesahing pranata-pranata lan lembaga-lembaga kabudayan. TC kasebut kalebu sawijining aturan-aturan kang mligi lan aturan kasebut adhedhasar saka juru kuncen kanggo panggonan kang ana sesambangane karo makam Mbah Kudus.

Minangka sarana panggulawenthah

Ing jaman kang sarwa maju iki, sipat lan tumindak kang isih mambu tradhisional wis arang ditemoni. Sakabehe piranti kang ana sesambangane karo manungsa kabeh sarwa apik lan gampang, saengga bab kasebut bisa ndukung anane kagiyatan kanggo manungsa supaya nduweni pamikiran kang luwih maju.

Minangka Piranti Panentu Norma-Norma Masyarakat

Masyarakat dhusun Banjarasari nduweni kapitayan kang kuwat wiwit saka tatalakune tradhisi, piranti-piranti lan uga ubarampe kang digunakake sajrone nindakake tradhisi kasebut.

Kanggo Nguwatake Rasa Pangrasane Kelompok Masyarakat

Nuwuhake Rasa Gotong royong

Gotong royong yaiku makarya kanthi bebarengan supaya bisa mujudake kasil kang dipingini. Gotong royong asal tembung kang kapilah dadi loro yaiku gotong kang nduweni teges makarya, yen royong iku bebarengan, mula ditegesne makarya kanthi bebarengan.

Nglestarekake Lingkungan

Lingkungan alam kudu tetep dilestarekake amarga, iku kalebu titipane mbah-mbah mbiyen, mula kudu tetep dijaga. Akeh cara kang bisa digunakake kanggo nglestarekake lingkungan, utamane ing sakupenge dhusun Banjarsari.

Nuwuhake Rasa Paseduluran

Rasa paseduluran uga dibutuhake ing urip bebrayan. Anane sikap paseduluran iki bisa ndadekake masyarakat bisa urip tentrem. Paseduluran dicipta supaya bisa mujudake samubarang kang dipengeneke yaiku ngeluri kabudayan saka para leluhur kanthi nganakake TC.

Nguwatake Karukunan

Rukun miturut kamus tegese guyup ora pasulayan. Nuwuhake rasa karukunan uga minangka paedah saka TC. Karukunan dibutuhake supaya antarane masyarakat siji lan sijine bisa rukun lan raket. Karukunan kang ana ing TC minangka wujud silaturahmi masyarakat dhusun Banjarsari.

Nglatih kesabaran

Sipat sabar saora-orane kudu ana ing dhiri saben manungsa. Sabar diperlokake supaya kacipta karukunan. Ing TC uga nduweni piguna kanggo nglatih kesabaran anggane ngadhepi kahanan, yen wis kepepet ngadhepi prakara kang rada angel ora oleh kesusu.

Tanggung Jawab

Tanggung jawab yaiku nanggung yen ana alane, pakewuhe. Rasa tanggung jawab uga diperlokake nalika pawongan melu cawe-cawe lan handerbeni sajrone TC. Tanggung jawab minangka bageyan kang wigati ing sajrone kagiyatan.

Nguwatake Rasa Syukur

Syukur miturut kamus ditegesake ditampa kanthi bunggah. TC minangka salah sawijining media sesambungan karo Gusti lan makhluk ghaib liyane. Anane TC diajab dening masyarakat dhusun Banjarsari bisa manunggal karo Gusti.

Ngeluri Kabudayan

Panliten ngenani TC iki mujudake sawijining panliten budaya. Panliten iki luwih nengenake dheskripsi tumrap sawijining kabudayan Jawa. Dheskripsi babagan kahanan, wujud, uga makna kang kinandhut ing sajrone tradhisi kasebut.

Ningkatake Ekonomi Masyarakat

Kahanan ekonomi bebrayan ing dhusun Banjarsari wis bisa diarani luamayan apik, senjata dhusun iki kalebu dhusun kang wargane mung sethithik lan kalebu dhusun kang minggir dhewe panggone.

Ningkatake Nilai Sosial

Manungsa ing donya iki ora bisa urip dhewe tanpa pitulungane wong liya, utawa biyasane diarani makhluk sosial. Apamaneh manungsa kuwi butuh srawung kanggo njembarake kawruh, aja nganti diarani kaya “kodhok ketutup bathok” tegese wong kang ora nduweni wawasan kang amba.

Nguwatake Nilai Etika

Etika ing kamus ditegesake minangka peranganing filsafat sing ngrembug apa-apa sing becik lan sing ala, sing pantes lan sing ora pantes. Nilai etika bisa dideleng saka paraga lan panindake kang nglaksanakake TC kanthi becik supaya bisa dadi tuladha kanggo para anak lan putune utawa generasi sateruse.

Ngormati Mbah kudu, Sesepuh kang Babat Dhusun Banjarsari

Sejatine manungsa anggoné nglakoni urip bebrayan iki ora bisa uwal saka anane bab kang ora nyata, kaya dene babagan kang ana sesambungan karo bab kang ghoib. Masyarakat Jawa kalebu kang isih percaya anane bab-bab ghoib.

Nyuwun Keslametan Tumrap Masyarakat Dhusun Banjarsari

Masyarakat anggoné nyenyuwun keslametan ora mung nindakake TC, nanging uga ndedonga biyasa kaya lumrahe saben dina, kanggo keslametane dhewe lan uga liyane. Ora mung kuwi, masyarakat kudu njaga alam kang wis dadi panggonan amarga kalebu titipane para sesepuh kang wis nandur tanduran-tanduran kang ana ing dhusun Banjarsari.

Carane Nglestarekake Tradhisi Clorotan

Pamawas Saka Pamarentah

Cara pamarintah anggoné melu nglestarekake yaiku kaya ing ngisor iki.

- (1) Saka pamarentah kudu bisa dadi payung kang bisa njaga anane TC kang ana ing dhusun Banjarsari, kanthi otomatis tradhisi kasebut bisa ngrembaka kanthi cara ora ngowahi lan bisa madhakake karo kebijakan kang ana
- (2) Pamarintah kudu bisa melu nyengkuyung anggoné nindakake TC, supaya adicara tetep lancar
- (3) Pamarintah kudu bisa promosi anane TC ing dhusun Banjarsari marang warga kang ana ing dhaerah sanjabane kecamatan Bareng, lan uga sanjabane Kabupaten Jombang

Pamawas Saka Warga

Lestarine budaya bisa dideleng saka kepriye anggoné para warga nglestarekake tradhisi kasebut. Mula bener yen ana ukara “Nasibe Tradhisi Budaya ana ing tengene para kaum penerus bangsa”. Warga kang kalebu nduweni bab kang wigati yaiku para kawula mudha. Yen para kawula mudha nduweni semangat kanggo njaga tradhisi bangsa, mesthi bakal lestari.

Diajarake ing Klompok

Carane masyarakat nglestarekake ing kene kanthi cara menehi kawruh marang klompok. Saben ana arisan ing dhusun, mesti diwenehi kawruh ngenani tradhisi apa wae kang ana ing dhusun kasebut, mligine TC.

Kawula Mudha minangka Masa Depane Bangsa

Para kawula mudha pancen wis nduweni kewajiban kanggo ngupayakake nglestarekake tinggalane sejarah kabudayan para leluhur kang ditinggalake kanthi bentuk budaya. Minangka kawula mudha kudu bisa nuwuhake potensi awake dhewe lan ngupaya kanggo ngembangake kabudayan dhaerah kang ngant ilang, saengga kabudayana kasebut bias tuwuh maneh.

Pamawas Bebrayan Agung Sanjabane Dhaerah

Rasa Pepentingan kanggo Sinau

Gelem nyinaoni budaya kasebut, masiya mung weruh lan uga melu ing adicara TC. Masyarakat kang melu nyengkuyung anane TC minangka sawijine budaya daerah kang isih ngrembaka nganti saiki.

Melu ing adicara

Melu ing adicara dikarepake kanggo bocah cilik supaya melu ing TC. Upaya kanggo nguri-uri kabudayan Jawa mligine tradhisi kang isih ana kasebut dianakake kanthi cara tetep nindakake TC utawa ngelingake utawa nduduhake marang para mudha supaya tansah tetep nglelururi kabudayan Jawa mligine TC.

TC ing jaman biyen lan saiki uga tamtu wis beda. Pambedane kasebut bisa dirasakake ing jaman kang

wis sarwa maju lan modern, beda kayadene jaman biyen kang durung ana apa-apa. Ing jaman saiki sakabehe piranti uga akeh kang sarwa canggih, pamikirane manungsa uga kalebu maju tinimbang ing jaman biyen. Jaman biyen piranti kang digunakake katon parasaja banget, beda kaya saiki. Kanggo mangerteni bedane TC ing jaman biyen lan ing jaman saiki, bakal diperang dadi loro yaiku saka tatalaku nalika nindakake TC lan ubarampe kang digunakake.

Tatalaku kang ana ing adicara TC iki ana kang ngalami owah-owahan. Mula tatalaku TC ing jaman biyen karo jaman saiki beda, nanging ora sakabehe tatalaku ing adicara TC ngalami owah-owahan. Ana tatalaku kang isih digunakake lan ditindakake dening warga.

Bab liyane kang ngalami owah-owahan yaiku saka ubarampene. Ubarampe kang ngalami owah-owahan ora akeh. Amarga ubarampe kang digunakake ing adicara TC ora pati akeh, dadi saumpama anane owah-owahan, akeh-akehe mung ditambahi.

Pamawas Masyarakat marang Tradhisi Clorotan

Pamawas masyarakat yaiku sawijining wujud respon utawa pisumbang usul lan panemu usul lan panemu saka masyarakat marang samubarang tartamtu kang ngandhut nilai.

Golongan Masyarakat kang Sarujuk

TC minangka upacara adat kang isih ngrembaka ing dhusun Banjarsari, ateges isih akeh masyarakat kang ngugemi anane tradhisi kasebut. Masyarakat kang kalebu sarujuk anane TC kagolong akeh. Ateges masyarakat akeh kang isih percaya lan isih nindakake TC nganti seprene. Saperangan gedhe anggone sarujuk amarga nduweni alesan kang ndadekake kapitayan kang kuwat tumrap masyarakate.

Golongan Masyarakat kang Ora Sarujuk

Golongan masyarakat kang ora sarujuk anane TC ora akeh, mung ana 3 saka 50 wong kang disurvei menehi wangsulane yen ora sarujuk. Saperangan gedhe alesan yen ora sarujuk dianakake tradhisi kasebut yaiku amarga digayutake anane agama, wong kang fanatiq ing agama, banjur ora percaya karo anane tradhisi lan adat istiadat. Golongan masyarakat iki nduweni alesan yen TC ora ana ing kapitayan miturut agama Islam

PANUTUP

Dudutan

Miturut andharan ing bab asiling panaliten ngenani TC ing dhusun Banjarsari, Desa Bareng, Kecamatan Bareng, Kabupaten Jombang, bisa didudut:

Mula bukane TC diwiwiti kanthi crita ngenani asal mula dhusun Banjarsari, uga sejarah ngenani makam Mbah Kudus lan tuwuhe TC. Asal mula jeneng dhusun Banjarsari kang mbiyene dijenengi desa Kedung winong.

Tata laku anggone nindakake TC yaiku kaperang dadi telu yaiku 1) tahap persiapan, 2) tahap pelaksanaan adicara, 3) panutup. Ubarampe kang digunakake ing TC yaiku diperang dadi loro yaiku saka

ubarampene sajen yaiku kembang wangi lan gedhang raja. Banjur ubarampe kang digawa dening warga ing bancakan yaiku jajanan (Clorot, pasung, jipang utawa brondong lan krupuk) liyane uga ditambahi, kayata nagasari, lemper, thiwul, gathot, jadah, lan uga gedhang raja. Wujud ubarampe kang digunakake ing TC nduweni makna beda-beda. TC nduweni paedah, yaiku 1) Minangka sistem proyeksi, 2) Minangka pangesahing pranata kabudayan, 3) Minangka sarana panggulawentah, 4) Minangka piranti panemu norma-norma masyarakat, lan 5) Kanggo nguwatake perasaan solidaritas *kolektif*.

Cara masyarakat dhusun Banjarsari tetep nglestarekake TC yaiku bisa dideleng saka angket. TC kalebu tradhisi kang tetep ngrembaka. Saben taun bebrayane manungsa uga ngalami owah-owahan, kayadene ing adicara TC kang uga ngalami owah-owahan. Owah-owahan ing TC diperang dadi loro yaiku saka tata lakune lan ubarampene. Saka tatalakune kang ngalami owah-owahan disebabake anane pengaruh agama Islam, yaiku agama kang dianut mayoritas masyarakat dhusun Banjarsari. Yen saka ubarampene kang ngalami owah-owahan iku disebabake anane kemajuan jaman, yaiku anane pabrik-pabrik kang nggawe panganan.

Asiling saka pamawas masyarakat nuduhake yen masyarakat kasebut kaperang dadi rong golongan, yaiku masyarakat kang sarujuk anane TC lan masyarakat kang ora sarujuk anane TC. Golongan kang sarujuk nduweni alesan amarga ngugemi budaya kang diwarisake dening leluhur, minangka sarana muji syukur marang Gusti lan uga nyuwun keslametan. Kajaba iku, TC minangka adicara kang dianggep sarana kanggo ngiring donga marang Gusti. Dene alesan miturut golongan masyarakat kang ora sarujuk anane TC yaiku amarga dianggep sawijining tumindak lan kapitayan kang tumuju menyang tumindak musyrik kanthi lelandhesan kapitayan saka Agama Islam kang dianut.

Pamrayoga

Ing jaman kang wis sarwa modern, sakabehe pola pikir lan uga tumindake manungsa bisa ngalami owah-owahan kang cepet banget. Mula saka anane jaman modern iki, Tradhisi kudu tetep dijaga lan dilestarekake. Kaya dene TC kang wiwit jaman biyen nganti saiki durung ana kang diowahi saka asline. Mula supaya sakabehane unsur kang alami sajrone TC ora owah, dibutuhake panyengkuyung saka generasi penerus kang wiwit tresna lan sarujuk anane TC kasebut. Para mudha-muda dikarepake supaya tetep nyinauni bab ngenani tradhisi Jawa kang bisa menehi piguna tumrap masyarakat umum.

KAPUSTAKAN

- Ahmadi, Abu. 1985. *Antropologi Budaya*. Jakarta: Yayasan Obor Indonesia.
- Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: Rineka Cipta.

- Danandjaya, James. 1984. *Filsafat Kebudayaan, Sebuah Pengantar*. Yogyakarta: Karnisius (anggota IKAPI).
- _____. 1994. *Folklor Indonesia Ilmu Gosip, Dongeng, dan Lain-lain*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Metode, Teori, Teknik Penelitian Kebudayaan*, Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- _____. 2008. *Metode Penelitian, folklore, konsep, teori dan aplikasi*. Yogyakarta: Gajah mada University press.
- Greetz, Clifford. 1981. *Abangan Santri, Priyayi Dalam Masyarakat Jawa*. Jakarta: Pustaka Jaya.
- Herususanto, Budiono. 2008. *Simbolis Jawa*. Yogyakarta: Ombak.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara Yang terlupakan. Pengantar Studi Sastra Lisan*. Malang: Hiski Jawa Timur.
- Koentjaraningrat. 1985. *Kebudayaan Mentalis dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia.
- _____. 1987. *Pengantar Hukum Adat Kebudayaan Mentalis dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia.
- _____. 2009. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Luxemburg, Jan Van. 1992. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Moleong, Lexy. 2009. *Metodologi Penelitian Kualitatif Edisi Revisi*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Poerwadarminta. 1984. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai pustaka.
- Rendra. 1984. *Mempertimbangkan Tradisi*. Jakarta: Gramedia.
- Sobur, Alex. 2006. *“Semiotika Komunikasi”*. Bandung : Remaja Rosdakarya.
- Sudikan, Setya Yuwana, 2001. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: UNESA Unipress dan Cipta Wacana.
- Sukarman. 2006. *Pengantar Kebudayaan Jawa*. Surabaya: Unesa Unipress.
- Tim Penyusun Balai Pustaka Jakarta. 2006. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka

UNESA
Universitas Negeri Surabaya